

FEMA mande moun ki nan Pòtoriko ak nan Zile Vyèj Ameriken yo pou yo prepare pou pann kouran pwolonje

Release Date: Out 13, 2024

WASHINGTON – Pandan tanpèt twopikal Ernesto ap dirije nan direksyon Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo, FEMA ap ankouraje moun ak vwayajè ki nan chemen tanpèt la pou yo fini preparasyon final yo epi prepare pou pann kouran pwolonje.

Tanpèt twopikal Ernesto ka pote gwo lapli ki ka lakòz inondasyon ak posib glisman labou nan Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo jiska Mèkredi. Tanpèt sa a gendwa lakòz gwo pann kouran epi moun yo ta dwe prepare touswit nan rasanble pwovizyon ijans tankou flach, batri ak manje ki pap gate. Fè envantè atik ou bezwen yo ki depann sou elekrisite epi planifye pou sous enèji altènatif tankou pil, yon chajè pòtab oswa yon bank alimantasyon. Anplis de sa, li enpòtan pou sere dlo potab ak dlo pou bwè epi gen ase manje ki pap gate.

Priyorite FEMA se sekirite ak byennèt tout moun ki sou chemen tanpèt la. Yon sant distribisyon FEMA ki sitiye Caguas, Pòtoriko, pare pou mobilize machandiz si teritwa ki afekte yo mande sipò. Pwovizyon adisyonèl yo prepare davans nan St. Thomas nan Zile Vyèj Ameriken yo. Anplis de sa, yon Ekip Rechèch ak Sekou Iben ak yon Ekip Enjenyè Tanporè Pouvwa Lame Etazini yo deplwaye nan Pòtoriko.

FEMA ankouraje moun ki nan chemen tanpèt la pou yo swiv konsèy sa yo pou yo rete an sekirite:

Prepare w pou pann kouran. Anplis de inondasyon, tanpèt sa gendwa lakoz koupi kouran. Rasanble founiti pou ijans tankou flach, pil ak manje ki pap gate. Si kouran an koupe, itilize sèlman flach oswa lanp ki mache ak pil pou limyè ijans. PA JANM itilize balèn pandan blakawout oswa koupi kouran akòz gwo risk pou dife. Si w gen medikaman ki bezwen ale nan frijidè oswa ou konte sou ekipman medikal ki bezwen kouran, fè plan lamenn sou kote ou kapab ale rete an sekirite ak an sante. Etenn oswa dekonekte aparèy, ekipman oswa elektwonik. Pouvwa



FEMA

Page 1 of 3

gendwa retounen ak vag momantane oswa pike ki ka lakòz domaj.

Konsidere bezwen medikal ou yo. Pale ak founisè medikal ou sou yon plan panne kouran pou aparèy medikal ki mache ak elektrisite ak medikaman frijidè. Chache konnen konbyen tan medikaman yo ka estoke nan tanperati ki pi wo epi jwenn konsèy espesifik pou nenpòt medikaman ki enpòtan pou lavi.

Sèvi ak jeneratè san danje. Toujou itilize jeneratè deyò epi omwen 20 pye de fenèt, pòt ak garaj ki atache. Asire w ou kenbe jeretris la seche epi pwoteje kont lapli ak inondasyon.

Kenbe manje an sekirite. Kenbe frizè ak frijidè fèmèn, paske sa ap kenbe manje frèt nan yon frijidè pou apeprè kat èdtan. Yon frizè plen ap kenbe tanperati a pou apeprè 48 èdtan.

Gen yon plan. Konnen ki jan ou pral kenbe tèt ou, fanmi ou ak bèt kay ou an sekirite si yo prevwa inondasyon pou zòn ou an. Asire w ou pran an konsiderasyon bezwen espesyal fanmi ou, ki gen ladan nenpòt moun ki bezwen medikaman oswa ekipman medikal. Konnen kijan ou pral kontakte youn ak lòt epi rekonekte si ou pa ansanm lè inondasyon kòmanse. [Vizite Ready.gov](https://www.ready.gov) oswa [Listo.gov](https://www.listo.gov) nan lang panyòl pou plis enfòmasyon sou fason pou w rete an sekirite anvan, pandan ak apre inondasyon.

Rete an sekirite pandan inondasyon. Pa mache, naje oswa kondwi nan dlo inondasyon yo paske li ka kontamine epi li gen debri danjere. Anplis de sa, fil kouran anba tè oswa ki tonbe ka lakòz dlo a gen kouran. Fè Demi tou, Pa Nwaye! Sonje, sèlman 6 pous dlo k ap koule ka fè ou tonbe, epi yon pye dlo k ap koule ka bwote machin ou ale. Pa rete sou pon ki gen dlo k ap koule rapid. Pa janm kondwi alantou barikad yo. Entèvenan lokal yo itilize yo pou dirije trafik soti nan zòn ki inonde yo avèk sekirite.

Pare pou evakye. Twòp lapli ka lakòz dlo a monte rapidman, kidonk ou ka bezwen evakye san avètisman. Gen yon plan evakyasyon an plas epi evite vwayaj ki pa nesèsè, sitou sou wout ki ka vin inonde oswa domaje. Rezidan ak vizitè yo ta dwe peye atansyon sou ofisyèl lokal yo epi koute nenpòt konsèy, avètisman oswa enstriksyon kòm risk inondasyon ap kontinye nan jou k ap vini yo. Pou jwenn yonabri ki louvri, voye tèks mo SHELTER la ak kòd postal ou a nan 43362 pou chècheabri ki toupre w. Moun ki pale Panyòl yo ka voye tèks



FEMA

Page 2 of 3

REFUGIO ak kòd postal yo nan 43362.

Kenbe dokiman enpòtan yo an sekirite. Gen dosye finansye ak medikal ou ak enfòmasyon kontak enpòtan ap esansyèl pou ede w kòmanse pwosesis rekiperasyon an rapidman. Kenbe dokiman enpòtan yo nan yon kontenè ki reziste a dlo sou yon etajè wo oswa nan yon nivo ki pi wo nan kay ou. Kreye kopi dijital ki pwoteje ak modpas epi deplase bagay ki gen anpil valè yo nan nivo ki pi wo.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou prepare pou tanpèt ki ap vini an ak kijan pou rete an sekirite sou [Ready.gov](https://www.ready.gov) oswa [Listo.gov](https://www.listo.gov) nan lang Panyòl. Ou kapab tou [Telechaje Aplikasyon FEMA gratis](#) pou jwennabri ki louvri epi resevwa alèt pou jiska senk zòn.



FEMA

Page 3 of 3